

SLAVERY by Another Name



GID POU PWOJEKSYON KOMINOTÈ (AYITI)

SA KI LADAN

ENTWODIKSYON SOU FIM NAN	2
JAN POU ITILIZE GID SA A	2
YON LÒT NON POU ESKLAVAJ: Esklavaj Ozetazini Apre Emansipasyon	3
JAN POU ÒGANIZE YON PWOJEKSYON	6
Kesyon pou poze pou kòmanse yon diskisyon	8
Sijè Diskisyon Nou Sijere pou Piblik Ozetazini	9
SLAVERY AND EMANCIPATION IN HAITI	14
Kesyon Diskisyon Sou Ayiti	17
RESOUS AN PLIS	18
Slavery and Emancipation in the Americas.....	19
Langaj Enpòtan.....	22
KREDI.....	26

*Finansman pou gid diskisyon sa a ak tradiksyon li te posib gras a
W.K. Kellogg Foundation.*

 <http://on.fb.me/sbanPBS>  #sbanPBS



Slavery by Another Name pwodwi pa *tpt* National Productions. Se National Endowment for the Humanities, W.K. Kellogg Foundation, The Coca-Cola Company ak the CPB/PBS Diversity and Innovation Fund ki bay finansman prensipal yo. Epi Georgia-Pacific, KeyBank Foundation ak Merck; ansanm ak Manm Omicron Boulé nan Fratènite Sigma Pi Phi, Minneapolis; General Mills Foundation; ak Frances Wilkinson bay finansman an plis.

ENTWODIKSYON SOU FIM NAN

Yon Lòt Non Pou Esklavaj se yon dokimantè ki baze sou dokimantè katrevendis minit ki baze sou liv Douglas A. Blackmon ki te genyen pri Pulitzer a nan 2008. Se *tpt* National Productions ak Two Dollars and A Dream ki pwodwi fim nan epi li rakonte kijan apre Gè Sivil la, yo te fè koken pou parèt ak yon nouvo kalite travay fòse nan pati Sid Amerik Dinò a, kote yo te mare konbyen mil Ameriken Nwa nan esklavaj epi pyeje yo nan yon sistèm sovaj ki te kontinye jiska kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la. *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* rakonte yon kokennchenn istwa, ki kouvri 80 ane, kòmans 1865 jiska 1941. Li devwale fòs ki makonnen ansanm – prejije rasyal, demann pou mendèv bon mache ak yon sistèm legal kowonpi – ki pèmèt esklavaj pèsiste menm apre yo te bay yo libète.

Pifò Ameriken Ozetazini pa konnen istwa sa a ditou. Se gwo aktè Laurence Fishburne ki rakonte *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* epi fim nan bay viktim yo fin bliye yo ak moun ki te responsab pou travay fòse yo yon vwa epi li prezante desandan yo k ap viv jounen jodiya. An plis pwogram nan gen yon chita pale ak Douglas A. Blackmon, gwo save sou peryòd sa a, tankou Mary Ellen Curtin, Pete Daniel, Risa Goluboff, Adam Green ak Khalil Muhammad. Premye fwa *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* te parèt sou PBS sete an 2012 epi li te yon seleksyon ofisyèl pou Festival Fim Sundance ane 2012 la.

JAN POU ITILIZE GID SA A

Gras a yon sibvansyon nou te jwenn nan men W.K. Kellogg Foundation, dokimantè a, *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* ofri vèsyon soutitre an kreyòl ayisyen, pòtigè ak panyòl, ansanm ak orijinal ki an angle a. Vèsyon tradwi Gid Diskisyon an te pèsonalize pou itilize an Ayiti, Brezil ak Meksik.

Gid Diskisyon sa a fèt pou itilize ansanm ak pwojeksyon dokimantè a diferan kote. Li ofri: konsèy sou jan pou òganize yon pwojeksyon/diskisyon; kesyon pou poze pou kòmans yon diskisyon; sijè ak kesyon nou sijere; ak resous pou fè lekti an plis.

Pou plis enfòmasyon ak resous ki gen pou wè ak fim nan, vizite <http://www.pbs.org/sban>.

YON LÒT NON POU ESKLAVAJ: ESKLAVAJ OZETAZINI APRE EMANSIPASYON

Youn nan pi gwo sipozisyon ki gen plis enpòtans nan Amerik Dinò: kwayans esklavaj Ozetazini te fini ak Pwoklamasyon Emansipasyon ane 1863 a. Men, menm si esklavaj tradisyonèl te fini nan Sid la lè yo te pase Trèzyèm Amandman an nan ane 1865, yon nouvo sistèm esklavaj envolontè te ranplase li ak gwo fòs kote yo te maltrete, kraponnen epi finalman limite lavi plizyè santèn mil Ameriken Nwa nan seksyon riral Sid la jiska 20^{tyèm} syèk la.

Esklavaj apre emansipasyon an pa t dire tout lavi epi ou pa t soti nan yon jenerasyon ale nan yon lòt otomatikman. Men, Douglas A. Blackmon, otè *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* ekri, “malgre sa, sete eksklavaj kanmenm – yon sistèm kote yon pakèt gason lib, souvan ki fè okenn krim epi ki te lib devan lalwa, te oblije travay san yo pa t touche, epi yo te achte ak vann yo plizyè fwa pou fòse fè travay pou mèt yo ki te blan paske yo te entimide yo fizikman toutan.”

Twa bagay te kontribye nan travay fòse: nouvo lwa ki te mete gwo limit sou mouvman, konpòtman politik, ak aktivite ekonomik Ameriken Nwa yo; yon sistèm jidisyè ki te sible, arete, epi mete pòv Ameriken Nwa nan prizon si yo pa t ka peye pri tribinal la pou lage yo; ak yon sistèm legal kote se pwopriyete ak komèsan prive ki te bezwen mendèv bon mache ki te gen kontwòl prizonnye yo.

Menm anvan Rekonstriksyon an te fini an 1877, anpil eta nan Sid te kòmanse pase yon pakèt lwa, Kòd Nwa, nan entansyon pou domine nwa ki te fenk lib yo ankò epi ofri mendèv bon mache. Vagabonday, trennen nan lari a, monte tray tren, chanje travay, menm pale twò fò nan piblik – konpòtman sa yo ak plis toujou – tout te vin krim ki gen amann oswa kondanasyon prizon sevè. Menm si lwa sa yo pa t mansyone ras, moun nan Sid yo te konnen yo te kreye yo kòm zouti pou blan yo toujou gen kontwòl. Sa te vin lakòz yo arete ak rekonèt anpil nwa koupab. Moun yo rekonèt koupab yo te vin prizonnye konte oswa eta a.

Okòmansman, pou fè ekonomi sou konstriksyon prizon epi pou fè lajan pita, eta ak konte yo te kòmanse lwe antrepriz komèsyal yo “prizonnye” yo. Yo te prete yo bay moun tankou ti komèsan, kiltivatè lokal, gwo plantasyon ak kòporasyon. Pandan Trèzyèm amandman an te entèdi esklavaj, te gen yon fay: “sof si se pinisyon pou yon krim yo te rekonèt moun nan koupab legalman,” te fè li legal pou lwe prizonnye yo kondane yo san yo pa t touche.

Talè konsa lwe prizonnye te vin yo biznis ki pote anpil benefis. Yo te lwe prizonnye yo nan prèske tout endistri nan Sid la tankou min chabon, faktori bwa, wout pou tren, briketri ak plantasyon.

Kondisyon prizonye yo t ap viv ak travay te terib. Souvan yo te pi mal pase esklavaj anvan Gè Sivil la. Yo te fè anpil pase mize oswa yo te mouri nan kaptivite. Istoriyen Matthew Mancini ekri, “Sistèm lwe prizonye a te youn nan sistèm travay ki te pi sevè nan istwa ameriken.”

Anpil nan moun ki t ap fè travay fòse yo pa t “prizonye.” Anpil nan yo te viktim peyonaj oswa esklavaj pou dèt, yon pratik ki ilegal men yo te itilize li anpil pou fòse moun travay pou remèt dèt. Gen lòt moun ki te kiltivatè ki t ap travay pou yon “pati” nan rekòt la, epi souvan yo pa t resevwa pati yo a oswa yo te di yo rekòt yo a pa t ase pou kouvri depans yo epi y ap bezwen travay gratis pou peye dèt la. Epi gen lòt ki te viktim lwa ki te fè li yon krim pou kite yon travay pou yon lòt, epi anpil nwa te oblije rete ap travay nan kondisyon ensipòtab tan pou yo fè fas a posiblite terib pou arete yo epi voye yo nan yon min esklav oswa kan travay fòse.

Travay fòse nan diferan fòm li yo te ede rekonstwi ekonomi blan nan Sid yo menm pandan li te refize plizyè jenerasyon Ameriken Nwa non sèlman pwoteksyon imen ak legal debaz, men aksè a richès tou. “Dominasyon sistematik yon gran popilasyon Ameriken Nwa konsa pou tout tan sa a,” Blackmon ekri, “se sètènman youn nan rezon Ameriken Nwa a yo an reta nan avansman ak reyalizasyon Rèv Ameriken an.”

Malgre plizyè fwa yo te konteste devan Depatman Lajistis pou di travay fòse se esklavaj, yo te tolere sistèm nan pou plizyè dizèn ane nan nivo ki pi wo nan gouvènman an epi li te rete vivan yon bò paske yo te fatige ak “pwoblèm nèg” la epi yon lòt bò ak fay legal yo. *Teknikman* li pa t yon krim pou fòse travayè yo menm si yo pa t vle, paske pa t gen lwa federal ki entèdi sa. “Plizyè fwa,” istoriyen legal Alfred Brophy ekri, “Depatman Lajistis pa t pouswiv yon politik jidisyè agresif ki te ka elimine zafè esklavaj sa a.”

Pandan ane 1910 yo, zafè lwe prizonye bay konpayi prive nan nivo *eta* te kòmanse ilegal eta pa *eta*. *Mwen yo te kontinye lwe prizonye lokal yo pa konbyen dizèn mil bay pou travay nan jaden ak endistri yo san rete*, epi yo te kontinye ak pratik esklavaj pou dèt ki te ilegal la. Nan kòmansman ane 1920 yo, NAACP te twouve li te tèlman gen ka esklavaj l ap envestige nan Georgia li te oblije mete yon nouvo “chemen fè ilegal” pou ede nwa yo soti nan pati riral eta a. Avan nou te rive nan mitan ane 1930 yo, yo te kontinye envestigasyon sou fòse moun travay kòm esklav ak peyonaj. Avan nou te rive nan mitan ane 1930 yo, gouvènman an te gen senkant an depi li rete bra kwaze epi yo te kontinye envestigasyon sou fòse moun travay kòm esklav ak peyonaj.

Sa ki pi rès la, se jis 12 desanm 1941, senk jou apre yo te lage bonm nan Pearl Harbor, gouvènman federal la te kòmanse aji yon fason ki te finalman kanpe bagay travay fòse a. Paske yo te pè pou

pwopagann lennmi a pa t konsantre sou jan Lamerik trete Ameriken Nwa yo tankou sitwayen dezyèm klas, Depatman Lajistis sou Franklin Roosevelt mete yon estrateji legal pou pouswiv blan ki kontinye gen esklav yo devan lajistis. Finalman, an 1951, prèske katrevendis ane apre yo te pase Pwoklamasyon Emansipasyon an, Kongrè a te pase premye lwa ki te klè pou fè nenpòt kalite esklavaj Ozetazini yon krim.

JAN POU ÒGANIZE YON PWOJEKSYON

Yon fason efikas pou sanble moun epi kòmanse konvèsasyon sou istwa pataje sa a pou konprann pase nou epi pote chanjman kounye a ak pi devan se òganize yon pwojeksyon.

N ap ofri sijesyon sa yo pou kalite gwoup ki ka enterese òganize yon pwojeksyon:

Òganizasyon dwa moun ak dwa sivil	Asosyasyon travayè
Lekòl ak inivèsite	Asosyasyon espòtif
Sant Kominotè	Fanmi
Òganizasyon jistis kriminel	Sosyete istorik ak depatman achiv
Òganizasyon kiltirèl ak mize	Bibliyotèk
Enstitisyon relijye	Estasyon medya piblik lokal

Sijesyon Sou Jan Pou Planifye Yon Pwojeksyon

Men kèk rekòmandasyon pou òganize yon bon pwojeksyon.

Defini objektif la. Avan w planifye pwojeksyon an, defini objektif prensipal pwojeksyon an. Èske se pou ankouraje konvèsasyon, pou montre moun ki kapab pa t konnen li pati sa a nan listwa, pou ankouraje moun aji? Ou kapab gen plizyè objektif nan lespri w, donk lè w idantifye yo sa ka ede w genyen yon konsantrasyon pou aktivite a, chwazi nenpòt asosye ak detèmine piblik ki apwopriye a.

Jan pou idantifye asosye. Gen anpil avantaj lè w travay ak lòt moun tankou nan idantifikasyon espas, sanble diferan piblik, ak pwomosyon evènman an. Premye bagay pou w fè se gade rezo pa ou ak relasyon ki deja etabli. Apre sa konsidere pran kontak ak òganizasyon kominotè lokal ak enstitisyon ak moun ki kapab enterese patisipe yo.

Jwenn yon espas. Konsidere espas ki santral ak fasil pou ale la. Lè w asosye ak lòt moun sa ka ede w jwenn espas gratis tou. Souvan bibliyotèk yo ofri espas gratis bay moun oswa gwoup kominotè. Kòm dokimantè a dire katrevendis minit, w ap vle chwazi yon espas kote piblik la ap alèz pandan tout aktivite an. Epitou w ap bezwen verifeye si w gen bonjan ekipman, tankou yon mikwo, televizyon, ekran ak pwojektè, si yo nesèsè.

Detèmine fason w ap prezante pwogram nan. Devlope yon ajanda pou aktivite a, menm si se pou ou sèl itilize ou menm. Konsidere konbyen tan l ap pran, ansanm ak tan w ap mete pou mesaj entwodiksyon ak mesaj kloti ak tan pou moun diskite, “kisa ki pou fèt apre?”

Fè pwomosyon pwojeksyon an. Si pwojeksyon an ouvri pou tout piblik la, fè pwomosyon pwojeksyon an pa imèl, rezo sosyal, afich, ak moun k ap pale kote yo pase. Kowòdone yon sistèm rezèvasyon ki pèmèt ou swiv kantite moun ki kapab patisipe ak pou voye rapèl bay yo.

Suivi. Konsidere kijan ou pral fè suivi ak manm piblik la. Èske w ap fè li pa imèl? Èske w ap bay patisipan ki aktif yo yon okazyon pou sanble pi devan? Konsidere pou bay patisipan yo yon fòm pou evalye eksperyans yo nan aktivite a.

Kesyon pou poze pou kòmanse yon diskisyon

Avan pwojeksyon dokimantè a, anvizaje òganize yon diskisyon avan pwojeksyon ki bay moun yo kontèks la dabò epi pèmèt patisipan yo jwenn lyen ant yo menm ak sijè a.

Kesyon Pou Diskisyon Avan Pwojeksyon an

Ou ka poze kesyon sa yo pou ankouraje yon dyalòg avan pwojeksyon fim nan pou etabli kontèks la ak ede patisipan yo jwenn lyen ant yo menm ak sijè a.

- Kisa ki vin nan tèt nou lè nou konsidere tit fim nan, *Yon Lòt Non Pou Esklavaj*?
- Kisa ou konnen sou fason yo te itilize travay fòse Ozetazini ak lòt kote?
- Fim nan abòde yon pati difisil nan istwa ameriken. Ki fason nou ka rekonsilye pati difisil sa a nan istwa pa nou?
- Pwen santral pwojè sa a se pou montre istwa chak nan nou fè pati yon pi gwo istwa pataje. Kisa istwa pataje vle di pou ou? Kijan nou ka angaje nan pi gwo istwa pataje sa a an plis pwòp istwa pa nou?

Aprè pwojeksyon fim nan, avan nou tonbe nan yon diskisyon aprè pwojeksyon an, panse pou bay patisipan yo yon ti tan pou reflechi sou dokimantè a ak sa yo panse sou li.

Jan Pou Kòmanse ak Kesyon Diskisyon yo

Kesyon sa yo ka ede kòmanse yon dyalòg aprè pwojeksyon fim nan.

- Kisa ki te premye reyaksyon w a fim nan?
- Èske gen yon bagay nan fim nan ki te etone w?
- Poukisa anpil moun pa konnen istwa travay fòse a epi yo pa diskite sou li souvan? Poukisa gen kèk pati nan listwa moun konnen pi byen pase lòt?
- Èske gen moun ki te fè rechèch sou istwa pwòp fanmi li? Kisa ou te twouve epi kijan sa w te twouve a fè w santi w? Ki enpòtans li genyen pou konnen istwa fanmi w?

Sijè Diskisyon Nou Sijere pou Piblik Ozetazini

LIBETE

Emansipasyon te chavire ansyen monn esklavaj la tèt anba. Kijan ou panse lavi a te ye pou esklav ki te fenk jwenn libète yo a? **Kijan ou panse lavi te ye pou ansyen mèt esklav yo?**

Kisa yo te montre ou lekòl sou Trèzyèm Amandman an? **Èske sa w te konprann sou Trèzyèm Amandman an vin chanje apre w te fin gade fim nan?** Si se wi, kijan?

Nan fen Gè Sivil la te vin gen plis gwoup blan ki pran lalwa pou yo menm nan Sid la. Ki wòl vyolans te jwe nan limite libète nwa yo? **Kijan yo itilize vyolans jodiya pou kontwole gwoup moun?**

Save Adam Green note, “Nan Rekonstriksyon an yo t ap tante pou kreye yon peyi kote li t ap posib pou gen yon sitwayènte ak de ras ki egal ego.” **Nan ki fason ou panse Rekonstriksyon an te akonpli objektif sa a epi nan ki fason li pa t reyisi?**

Aprè ane 1874, pa t gen yon bon prezans gouvènman federal la nan Sid. Sa vle di Ameriken Nwa ki t ap eseye pran nouvo chemen libète a pa t jwenn mwens asistans gouvènman federal la epi plis move jan nan menm blan Sid yo. **Èske gouvènman federal la te dwe fè plis efò pou pwoteje libète nwa yo te fenk jwenn nan?** Èske w kwè gouvènman an ap fè yon bon travay pou pwoteje dwa tout sitwayen jounen jodiya? Poukisa?

FEN REKONSTRIKSYON

Lè Rekonstriksyon fini sa te kreye plas pou lwa otoritè – tankou lwa kochon ak kòd kont vagabondaj la – ki te sible Ameriken Nwa yo yon fason enjis. **Kijan lwa sa yo te trete moun nwa tankou kriminel epi ede sistèm lwe prizonye a avanse?** Èske gen yon lwa ou konnen kounye a ki sible sèten gwoup yon fason enjis?

Akoz lwa vagabondaj nan eta Sid yo, yo te ka twouve w koupab w si w pa t ka bay prèv ou t ap travay a nenpòt moman. **Kijan lwa sa a te ka afekte moun si yo te aplike l toujou jounen jodiya?**

Lè eta yo te rann kont yo te ka benefisye legalman nan lwe prizonye yo, eta nan tout Sid la te kòmanse lwe prizonye yo bay endistri prive a. **Èske w panse eta Sid yo te dwe fè benefis nan lwe**

prizonye yo? Poukisa? Èske w panse jodiya eta yo dwe fè benefis ak travay moun ki nan prizon yo? Poukisa?

ZAFÈ LWE PRIZONYE/MENDÈV GRATIS

Èske w panse **te gen lòt fason endistriyalis tankou John Milner te ka ede konstwi vil** tankou Birmingham, Alabama, san yo pa t itilize travay fòse? Si se wi, kijan?

Ezekiel Archey te voye lèt byen detaye sou move kondisyon min chabon Pratt bay enspektè prizon Alabama a. Èske w janm fè yon bagay pou devwale yon enjistis? Si se wi, **kisa ki te soti gras a aksyon w yo?** Ki fason moun ka leve kont enjistis jounen jodiya?

Cristina Comer, yon desandan J.W. Comer, yon ansyen mèt esklav ki te konn lwe prizonye yo, di dapre istwa fanmi li konn tandè mesye Comer yo se ak syè yo yo te vin rich. Lè li te vin aprann mesye Comer yo te nan lwe prizonye yo, imaj sa a te kraze pou li. **Èske w te janm aprann yon bagay sou istwa fanmi w ki boulvèse w?** Si se wi, kijan w te rekonsilye verite sa a? Si se non, kijan w panse ou t ap santi w? Kijan fanmi ka diskite istwa pèsònèl ki difisil?

Moun ki devwale sistèm travay prizonye a di li te “pi mal pase esklavaj.” **Kijan li te pi mal pase esklavaj epi kijan li te menm bagay ak esklavaj?** Èske w panse gen yon pratik jodiya yo ka di ki pi mal pase esklavaj?

Reflechi a bagay sa a istoryen Adam Green te di epi bay reyaksyon ou: “Epi sistèm [lwe prizonye] sa a se youn mwen panse yo bezwen konprann nan plizyè fason kòm sovaj sou plan sosyal, men rasyonèl ak mekanste sou plan ekonomik. Paske ki lòt kote yo t ap pran yon travayè nwa epi fè li travay pou mouri, apre li fin pase mizè nan esklavaj? Epi lè travayè sa a mouri, yo annik bezwen al pran yon lòt prizonye pou travay.”

ANSYEN ESKLAV TOUNEN KRIMINÈL

Avan ane 1890, popilasyon prizon eta Sid la te monte a prèskè 19,000 prizonye epi prèske katrevendis pousan prizonye sa yo te Ameriken Nwa. Ki move konsekans sa toujou genyen Ozetazini jis jounen jodiya? Èske w panse gen **yon lyen kounye a ant fason yo kriminalize lavi moun nwa ak kantite nwa ki nan prizon?**

IJMAN ESKLAVAJ POU PEYE DÈT AK PEYONAJ

Peyonaj, oswa fòse moun travay kòm esklav, se yon sistèm kote yon patwon fòse yon travayè pou peye yon dèt ak travay. Malerezman, kalite esklavaj pou peye dèt sa a kontinye nan diferan fòm jodiya, nan peyi tankou Pakistan kote kèk pwopriyetè fòse kiltivatè travay pou yo. **Èske w janm tande ka kote yo fòse moun travay kòm esklav toupatou nan monn nan jodiya?** Kisa nou ka fè pou sansibilize moun sou pratik sa a?

Pwokirè Jeneral Etazini Warren S. Reese te fè fas a anpil obstak tou, tankou gwo opozisyon kont komèsan ak politisyen ki gen pouvwa epi ki te lye ak peyonaj, pandan li t ap goumen pou mennen moun ki te enplike yo devan lajistis. **Èske sa deja rive ou se sèl moun nan yon gwo gwoup ki leve kanpe** kont yon bagay ou te panse ki pa jis? Si se wi, kisa ki te pase epi kisa ou te fè?

John Davis, yon jèn ki te konn travay nan jaden lòt moun, yo te akize l pou yon krim li pa t menm komèt. Yo te rekonèt li koupab byen vit epi kondane li ak bay li amann ak frè tribinal pou peye. Paske li pa t ka peye, yo te mete li nan travay fòse – yon komèsan lokal te vann li bay pwopriyetè plantasyon pou yon benefis. Yo te fòse li siyen yon kontra pou travay pou dis mwa – ki te bay patwon an dwa pou kale li, fèmen li yon kote ak vann li bay yon lòt moun depi li potko fin peye dèt li. Souvan, se sitwayen ki pi mal yo yo eksplwate. **Kisa nou ka fè pou pwoteje sa ki pi malere yo?**

Jodiya nan Achiv Nasyonal, gen plis pase 30,000 paj lèt moun nan Sid yo, anpil nan yo te adrese a prezidan an, sou fanmi ak zanmi ki te pyeje nan travay fòse. Men, alafen yo pa t abòde anpil nan lèt sa yo. **Poukisa ou panse gouvènman federal la pa t pouswiv ka sa yo ak plis fòs?** Èske w kwè ekri lèt se yon fason efikas pou konteste kounye a? Poukisa?

ARESTASYON GREEN COTTENHAM

Green Cottenham se yon jenn gason yo te arete, twouve li koupab pou vagabondaj, epi kondane pou sis mwa travay fòs paske li pa t ka peye amann \$38; li te mouri tou swit apre sa. Ak pwojè sa a, desandan li yo swete istwa li ka bay plizyè milye moun yo te mete nan travay fòse yo yon vwa. **Ki jan nou ka bay moun yo fin bliye tankou Green Cottenham yon vwa?**

Nan kòmansman ventyèm syèk la, yon nouvèl jenerasyon òganizasyon dwa sivil t ap boujonnen, tankou National Association for the Advancement of Colored People, yon gwoup aktivis pami yo ak

W.E.B Du Bois te fonde. **Èske w janm enplike nan okenn òganizasyon dwa sivil?** Si se wi, kijan eksperyans la te ye pou ou? Ki wòl òganizasyon dwa sivil yo ka jwe jodiya? Ki pwoblèm ou panse yo dwe fè pledwaye pou yo?

Gang anba chenn se te yon lòt fason travay fòse te grandi nan Sid. Yo te mare prizonye yo ansanm ak chenn epi itilize yo pou konstwi wout, chemen fè ak lòt antrepriz eta a t ap opere, souvan nan kondisyon ki vrèman dezagreyab. **Èske w panse yo dwe itilize prizonye pou pwojè travo piblik?** Poukisa?

Meteyaj se yon pratik kote yon kiltivatè dakò pou travay nan yon tè epi pwopriyetè a resevwa yon pousantaj nan benefis rekòt la lè yo vann li. Travayè yo te vin dwe pwopriyetè platasyon yo lajan yo te prete ak enterè kout ponya epi, paske yo pa t ka peye dèt la, yo te oblije tonbe nan yon sèk visye kote yo oblije ap travay san touche. **Kisa ou panse ki move konsekans meteyaj sou fanmi** ki te pyeje pandan plizyè ane nan pratik la?

FEN ESKLAVAJ

Yon ekspoze ki te resevwa yon prim yo te pibliye an 1923 sou zafè lwe prizonye nan Florida te mete moun ki te li l yo an kòlè paske viktim nan, yon jèn vennde zan ki rele Martin Talbert, te yon blan. Pwotestasyon sou lanmò Talbert te ede fini ak zafè eta ap lwe moun nan Florida. Ki wòl medya ka jwe nan pote atansyon sou lenjistis? **Èske w panse medya jounen jodiya ap fè yon bon travay nan domèn sa a?** Poukisa? Èske w panse gen plis pwotestasyon ki fèt lè viktim yon krim blan? Si se wi, kijan enjistis sa a ka chanje?

Prèske katreven ane apre Etazini te ratifye Trèzyèm Amandman an, Prezidan Franklin Delano Roosevelt te fè demach pou ekzekite li lè li te pase Sikilè 3591, ki te rann li obligatwa pou avoka federal yo pouswiv yon fason agresiv nenpòt ka kote yo fòse moun travay oswa mete yo nan esklavaj devan lajistis. **Poukisa ou panse li te pran tout tan sa a ou gouvènman federal la aji ak fòs sou sa?** Kisa sitwayen yo ka fè pou mete presyon sou gouvènman federal la pou yo ka aji pi vit pou chanje lwa yo oswa ekzekite yo?

Pandan katreven ane sa yo ki te vini apre Gè Sivil la, nenpòt 800,000 moun te twouve yo nan youn nan sistèm travay fòse yo. Ki konsekans kokennchenn chif sa a genyen anjeneral?

Save Adam Green note, “Si w pa rekonèt istwa sa a, ou tonbe nan ilizyon kote moun nwa pa t merite menm dwa yo paske yo pa t egal ak blan yo – legalman, entelektyèlman, moralman – epi pwen final.” **Kijan lè w pa konnen tout sa ki nan listwa sa ka ede ankouraje atitud ki pa byen kalkile?**

Save Kahlil Muhammad di, “Nou bezwen rekonèt nan moman difisil sa yo, lè nou tandè istwa yo t ap trete moun nwa nan peyi sa a tankou bèt, motivasyon an sete lajan, kòmanse nan ti pwopriyetè yo rive nan gwo antrepriz yo. Donk alafen, pati sa a nan eritaj peyi a toujou ak nou.” **Èske w panse moun toujou gen anvè sa a pou fè lajan Ozetazini jodiya?** Si se wi, kijan? Kisa nou t ap bezwen pou bay lavi moun plis valè pase lajan?

Nan fen fim nan, desandan Tonya Grooms site yon fraz Reveran Martin Luther King, Jr.: “... ak linivè moral la long, men lè l koube se sou lajistis li tonbe.” **Kisa sa vle di pou ou epi kijan nou ka itilize li pou ankouraje moun kontinye aji pou defann lajistis?**

SLAVERY AND EMANCIPATION IN HAITI

Pa Johnhenry Gonzalez ak Laurent Marc Dubois

Istwa Ayiti ak pa Etazini mare ansanm depi dizwityèm syèk lè tou de te koloni anpi gwo ponyèt ewopeyen yo. Esklavaj jwe yon gwo wòl nan fòmasyon tou de sosyete sa yo, ak eritaj enstitisyon ki la jiska prezan. Men an menm tan, istwa peyi sa yo parapò ak esklavaj, libète ak ras diferan anpil.

Ayiti se yon peyi ki te fèt apre yon revolisyon esklav yo kont kolon Fransè yo an 1793. Menm se Fransè yo te goumen tou, jou ki te 1ye janvyè 1804 Ayiti te pwoklame yon nasyon lib. Majorite popilasyon an pandan revolisyon an se te esklav ki te fèt an Afrik. Epi premye dirijan peyi a sete moun zansèt yo soti Lafrik, epi pifò nan yo te ansyen esklav yo menm.

Nan tou de peyi, tranzisyon ant esklavaj ak libète a te poze anpil pwoblèm sosyal ak ekonomik. An Ayiti nou te wè tranzisyon sa a lontan avan nou wè li Ozetazini, li te kòmanse an 1793 epi nan yon kontèks istorik mondyal ki te diferan epi te gen gwo diferans kalite moun ki te nan de peyi yo ak klas ki te ap dirije yo. Malgre sa, gen anpil bagay ki te sanble nan fason de gouvènman yo te eseye kontwole rèv ansyen esklav yo apre abolisyon.

Kòmanse depi nan premye dekrè emansipasyon otorite Fransè yo te pase an 1793, dirijan kolonyal Sen Domeng yo ak Ayiti lib la te goumen pou fòse pèp lib la vin yon sistèm mendèv ki anba rete anba chenn legalman. Menm jan ak lòt sosyete apre emansipasyon, pwopriyetè elit yo te depann sou aranjman meteyaj pou lwa ki limite ansyen esklav yo pou benefisye sou travay yo. Anpil dirijan tankou Léger-Félicité Sonthonax, Toussaint Louverture, Jean-Jacques Dessalines, Henri Christophe, ak Jean-Pierre Boyer te pase lwa ki te konsève dwa pwopriyetè plantasyon yo epi trete travayè yo tankou “vagabon” yo te ka arete epi fòse yo ale yon lòt kote pou travay nan plantasyon pa bann. Menm jan ak lwa kont vagabondaj Jim Crow nan Sid la, lwa ayisyen nan kòmansman te fèt pou limite libète ansyen esklav yo epi bay elit la enterè ak yon bon kantite moun pou travay pou yo.

An Ayiti, travay fòse apre emansipasyon an te vin pi grav nan pati nò peyi a sou rejim militè Anperè Jean-Jacques Dessalines (1804-1806), ak Wa Henry Christophe (1806-1820). Dirijan sa yo te fou pou rekonstwi ekonomi sik zile epi yo te itilize lame yo pou chèche moun pou travay epi fèmèn yo nan plantasyon pou yo te travay sou menas y ap bat oswa arete yo si yo pa t obeyi. Nan kèk ka yo te fòse ayisyen yo travay nan menm plantasyon yo te konn travay pandan esklavaj sou Fransè yo. Paske yo te konnen franse yo te ka anvayi Ayiti ankò, Dessalines ak Christophe te itilize travay fòse pou konstwi gwo sistèm fòtifikasyon – anpil nan yo kanpe fèm nan peyizaj Ayiti yo.

Men lè gouvènman ayisyen an te eseye mete kalite pwojè sa yo an aplikasyon, popilasyon an te kanpe pi fèm kont gouvènman epi finalman yo te genyen laviktwa. Ayiti lontan an te vrèman diferan ak lòd sosyal ak ekonomik sou kontwòl blan ki te simante lòt sosyete tankou Etazini apre esklavaj. Pa gen okenn kote nan Amerik yo ansyen esklav yo ak desandan yo te jwi kantite menm kantite libète ak opòtinite tankou ann Ayiti. Lè esklav lib nan Sid Etazini yo pa t gen dwa pou genyen “40 kawo tèt ak yon bourik” (“forty acres and a mule”) ki te ka kreye yon gwo klas kiltivatè nwa ki te ekonomikman endepandan, Ayisyen yo te ka monte pwòp jaden yo sou tè yo te resevwa nan men gouvènman an, achte, oswa reklame yon fason enfòmèl. Pandan diznevyèm syèk la, Ayisyen se sove anba travay nan plantasyon lè yo te achte moso tè epi Ayiti te vin yon peyi pwopriyete nwa.

Kontrèman a Sid Etazini ak gouvènman lokal, fòs polis, ak yon majorite blan ame ki byen òganize, ansyen gouvènman ayisyen an pa t ka limite mouvman moun yo epi mete lwa kont *vagabondaj* ann aplikasyon pou ofisyèlman fòse pifò Ayisyen travay nan plantasyon. Pandan pwopriyete plantasyon ak ofisyèl gouvènman yo te fòse travayè ayisyen yo siyen kontra ki egzije yo pou travay pandan yon ane oswa plis, jeneralman ayisyen yo konn sove kite move kondisyon travay sou kontra sa yo. Gen yon pwovèb ayisyen ki di “ou siyen non mwen, men ou pa siyen pye mwen” pou montre rezistans ayisyen pandan anpil tan kont kontra travay sa yo.

Pandan diznevyèm syèk la, yon ekonomi agrikilti solid t ap boujonnen an Ayiti ak yon melanj pwodiksyon pou mache lokal yo ak kiltivasyon pou voye pwodwi, sitou kafe, pou vann nan mache entènasyonal la. Menm si pratik travay ak pwopriyete tè ki te fondasyon ekonomi sa a te varye, gen anpil Ayisyen andeyò ki te swa pwopriyete oswa te egzèse yon bon ti kontwòl sou tè yo te travay la, ansanm ak rezo komès yo te vann pwopriyete a. Ayiti te desantralize anpil pandan diznevyèm syèk la, ak onz rejyon ki te gen pwòp pò pa yo pou ekspòte. Anpil Ayisyen andeyò te gen zam epi yo te prè pou defann aksè yo pou jwenn tè kont otorite lokal ak federal yo. Malgre anpil difikilte, popilasyon an te ka kreye yon espas otonòm ki te pi gran lontan pase sa Ameriken Nwa yo ki t ap viv nan Sid Etazini menm apre emansipasyon an 1863 te genyen.

Sa ki dwòl la se pwoblèm travay kòm esklav la te kontinye lontan an Ayiti – yon peyi ki te fonde sou prensip tout moun lib epi nwa se granmoun lakay yo. Ayiti te sou okipasyon ak administrasyon Lamarin Ameriken depi 1915 jiska 1934. Anpil nan Marin Ameriken yo te voye Ayiti yo se moun ki te abitye ak sistèm mete moun anba chenn pou travay an bann ak travay prizonye enjis la. Sanble paske yo te abite ak pratik nou eksplike nan *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* la, sa te ankouraje blan yo, ki te wè Ayisyen ak je rasis yo a, nan desizyon pou resisite yon ansyen sistèm travay fòse mondyal yo rele *kòve* nan peyi a. Yo te fòse plizyè milye Ayisyen nan pwojè konstriksyon wout. Sistèm travay

fòse sa a te ede vin kreye yon gwoup rebèl pami Ayisyen yo ki te asosye kontwòl ameriken ak memwa yo genyen sou kolonyalism ak esklavaj. Finalman Marin yo te pran kontwòl moun k ap revòlte yo ak gwo konfli, kote yo te lage bonm ki sot anlè sou sivil yo pou youn nan premye fwa nan istwa militè.

Plizyè kòporasyon ameriken te eseye etabli yo an Ayiti pandan peryòd sa a, ak soutyen administrasyon Marin nan, kote yo te pran tè nan men anpil Ayisyen andeyò epi pwovoque premye gwoup moun ki te sove kite peyi a. Men, alafen, pa gen anpil nan pi gwo pwojè agrikòl yo ki te reyisi, an pati paske anpil Ayisyen te reziste pou tounen travay nan plantasyon yo paske yo te konsidere li kòm esklavaj ki makiye.

Sa nou twouve ki enteresan se pandan okipasyon ameriken an, se lè sa nou te wè y ap sikile istwa sou zombifikasyon. Nan vodou ayisyen ak kilti peyi a anjeneral, depi lontan yo te itilize krent pou zombifikasyon pou kominike sou memwa esklavaj la ak pou ekspriye krent ki genyen lè yon moun pèdi kontwòl tèt li. Yon ekriyen ameriken, William Seabrook, te tandè Ayisyen kwè kèk nan konpatriyòt yo k ap travay pou kòporasyon ameriken yo se te zonbi. Li te ekri sou sa nan yon travay popilè ki te enspire premye mizikal Broadway epi premye fim sou zonbi, ki fè yon pratik kiltirèl ayisyen vin nouri angajman kilti popilè ameriken ak kesyon sou ras, esplwatasyon ak izolasyon.

Pandan diznevnyèm syèk la epi nan ventyèm nan tou, presyon anndan tankou deyò sou ekonomi ayisyen an te vin fè gen gwo mizè ak inegalite nan tout peyi a. Se sa ki te fè vin gen plis sistèm kote y ap eksplwate moun nan fè travay fosè domestik ki dire jiska venteyinyèm syèk la. Kote nan kòmansman diznevnyèm syèk la moun ki t ap travay nan plantasyon yo sou lwa ofisyèl ki te fè yo oblije rete travay yon kote an patikilye epi kontwole tretman yo, enstitisyon sèvis domestik la te devlope yon fason enfòmèl pou tounen yon gwo pati nan sosyete ayisyen an. Depi lontan, yo itilize timoun pòv nan tout kalite travay domestik ak agrikòl ou ka imajine pou yo ka jwenn yon kote pou dòmi, manje, epi pafwa yon opòtinite pou ale lekòl. Jeneralman domestik oswa *restavèk* sa yo travay gratis epi kèk ansyen restavèk dekri sistèm nan tankou yon fòm esklavaj. Gwo diskisyon sou fòm travay fòse ak eksplwatasyon sa yo kontinye ann Ayiti ak nan dyaspora ayosyen an jodiya.

Kesyon Diskisyon Sou Ayiti

1. Ki kèk kesyon istorik ant Ayiti ak Etazini ki te kreye diferan eksperyans pou desandan afriken yo nan de peyi sa yo?
2. Kisa ki sanble nan istwa ekonomik de peyi sa yo, epi kisa ki diferan?
3. Nan ki fason memwa istorik popilè sou esklavaj ak kolonyalis la toujou kontwole relasyon Ayiti ak gwo peyi etranje yo tankou Etazini ak Lafrans?
4. Kijan eksperyans kiltivatè ayisyen ki t ap travay nan sistèm *demwatye* la konpare ak sistèm meteyaj Jim Crow nan Sid la?
5. Èske li apwopriye pou konpare timoun ayisyen k ap travay kòm domestik oswa *restavèk* yo ak travayè nwa ki te tankou esklav nan Sid Jim Crow nan? Èske w ka fè menm konparezon an ak Ayisyen ki t ap travay Sen Domeng pandan ventyèm syèk la?

RESOUS AN PLIS

Pou aprann plis sou fim nan, vizite <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/about/>.
Gade *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* sou entènèt, vizite <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/watch/>.

Pou jwe ak yon kalandriye ak kat entèraktif sou esklavaj nan Lamerik an 1860-1950, vizite <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/slavery-timeline/>.

Pou aprann plis sou istwa ki prezante sou *Yon Lòt Non Pou Esklavaj*, vizite galeri tèm nan sou <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/>.

Pou telechaje gid pou aktivite nan lekòl ak lòt materyèl nan lekòl *Yon Lòt Non Pou Esklavaj*, vizite <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/classrooms/>.

Pou plis resous sou istwa sa a, vizite <http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/additional-resources/>.

Ou ka achte yon kopi liv ak fim *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* sou www.pbs.org/sban.

Slavery and Emancipation in the Americas

Pa Dwayne E. Williams

Ki kote se moniman w yo, batay ou yo, mati? Ki kote se memwa sou tribi w la? Mesye, yo nan kòf gri sa a. Lanmè a. Lanmè a kenbe yo. Lanmè a se listwa. - Derek Walcott, "The Sea is History"

Pou pifò nan istwa lèzòm ki ekri, moun nan Ansyen Monn nan ak Nouvo Monn nan pa t konn egzistans youn ak lòt. Yo te separe ak yon fontyè ki sanble li enposib pou pase - Oseyan Atlantik la. Men, kòmanse nan fen 15^{zyèm} syèk la, nouvo devlopman nan teknoloji pou vwayaje nan lanmè te pèmèt bato kòmanse travèse Atlantik la pi byen. Yon nouvo monn Atlantik te fèt epi li te fòme ak redefini istwa lemonn. Sa nou rele *Amerik Latin* jodiya te devlope ak yon melanj moun ki soti lòt kote, anvi pou jwenn ak eksplwate nouvo tè ak resous, chanjman nan ide sou ras, ak gwo konsekans maladi.

Pandan bato yo t ap kreye yon lyen ant kominote ann Afrik Lwès ak Lewòp ansanm ak Lamerik ti kras pa ti kras, yo te vin pran kontak ak sosyete yo pa t janm konn wè avan. Nouvo arive sa yo te simonte rezistans ak fòs fizik, teknoloji ak gaye maladi tankou lawoujòl. Yo estime, nan ane 1500, te gen anviwon 50 milyon Endyen nan Lamerik. Nan ane 1600, apre 100 ane angajman ak Ewopeyen ak Afriken yo, kantite sa te desann a 8 milyon.

Diferan sosyete esklav ki te anvayi Amerik yo se te dirèkteman akòz kolonizasyon. Pandan nasyon ewopeyen yo t ap kolonize diferan pati nan Lamerik, yo te kòmanse pran lò, ajan, ak kuiv ansanm ak pwodwi tankou sik, kafe, tabak, ak diri. Min ak plantasyon yo te mande anpil moun pou travay nan yo.

Okòmansman, yo te itilize Endyen yo pou travay kòm esklav. Men, maladi ansanm ak kondisyon travay sovaj yo te lakòz anpil nan Endyen yo mouri epi yo te entèdi pratik sa a. Pisans kolonyal yo, Ewopeyen ki te devan nan efò pou etabli sosyete esklav nan Lamerik yo, te eksperimante lòt kalite mendèv tankou sèvitè sou kontra ki te soti ann Ewòp. Men, te tèlman gen travay epi tè te tèlman bon mache pou achte anpil nan sèvitè sou kontra sa yo te ka genyen libète yo byen vit epi yo te vin pwopriyetè yo menm.

Finalman, kot Afrik Lwès la te vin sous travayè ki te ka travay di nan ekonomi plantasyon ak min Amerik Latin yo. Yo te pote plis pase 12 milyon Afriken ki te soti nan diferan gwoup etnik ak lingwistik ann Amerik pou travay fòse, ak Pòtigal, Lespay, Angletè, Lafrans, ak Peyiba ki te pi enplike nan komès esklav la. Yo te voye plis pase 12 milyon esklav sot ann Afrik nan Nouvo Monn

nan. Nan moun sa yo, yo te vann plis pase 4 milyon bay Brezil, ak 2.5 milyon bay koloni Espanyòl yo tankou Meksik ak Ispanyola (Ayiti ak Repiblik Dominikèn) ak lòt pati Amerik Latin ak Amerik Disid. Prèske 400,000 esklav te rive Ozetazini.

Esklavaj sistematik Afriken sa a te pi gwo migrasyon fòse nan tout istwa limanite.

Emansipasyon ak Libète nan Lamerik

Enstitisyon esklavaj la te domine Lamerik pandan twa syèk. Kote an Amerik Dinò, gen detwa moun ki te kont esklavaj depi okòmansman, esklavaj te pran tout Amerik Latin epi pa t vrèman gen opozisyon ak desandan ewopeyen yo. Zòn 1750 yo, pa gen yon grenn gwo enstitisyon legliz oswa òganizasyon sivik, sòf pou Quakers yo, ki te kont komès esklav ak esklavaj.

Ti kras pa ti kras, nan fen dizwityèm syèk la, te kòmanse gen gwoup imanite ak relijye ki te kont esklavaj epi sa te gen yon gwo enfliyan sou lalwa ak opinyon piblik sou avni esklavaj nan Lamerik. Nan nouvo Etazini ki te fòme a, kontradiksyon ant apèl pou libète ak egzistans esklavaj te kreye Òdonans Nòdwès la (1787) la ki te entèdi esklavaj nan teritwa ki sou pati nò Rivyè Ohio a. Petèt pi gwo fason yo te refize esklavaj pa t soti nan legliz oswa kay abolisyonis yo, men se kay yo esklav yo menm. Ann Ayiti an 1791, prèske mwatye yon milyon esklav te libere tèt yo ak revolisyon kont esklavaj. Yon lòt evènman ki gen menm enpòtans lan se an 1807 ak 1808, Grannbretay ak Etazini te entèdi komès esklav afriken an. Touswit apre, pou rezon moral ak ekonomik, lòt peyi ewopeyen te entèdi komès esklav la men pa esklavaj.

Nan Lamerik, yo te kòmanse pouse pou entèdi esklavaj ak libere popilasyon esklav yo nan batay liberasyon esklavaj pandan ane 1820 ak 1830 yo. An 1821, rejyon ki gen kounye a Ekwatè, Kolonmbi, ak Venezwela te adopte yon plan emansipasyon ki te elimine esklavaj ti kras pa ti kras, epi li te fini an 1845. De ane apre sa, Chili te dakò pou libere esklav li yo. An 1824 Gwatemala te premye peyi nan Amerik Latin pou entèdi esklavaj nèt. Touswit apre, ant 1825-1829, Ajantin, Pewou, Bolivi, Paragwe, ak Meksik te aboli esklavaj. An 1833, Grannbretay te libere 780,000 esklav epi li te peye mèt yo 20 milyon liv. An 1848, Dànmak ak Lafrans te libere esklav nan anpi kolonyal yo. Esklavaj te kontinye nan Sirinam ak lòt koloni Nouvo Monn Neyèlandè yo jiska 1863 epi esklavaj te kontinye Ozetazini jiska 1865. Esklavaj pran plis tan toujou pou li fini nan lòt pati Lamerik yo. Esklavaj te fini Pòtoriko jis an 1873, Kiba menm an 1886, epi Brezil te dènye peyi nan emisfè oksidantal la ki te aboli esklavaj an 1888.

Nan Lamerik, emansipasyon, tankou esklavaj, te “pwolonje, vag, ak konplike” pou repete sa istoryen Rebecca Scott te di. Menm pandan ansyen esklav yo te vin gen libète yo, nan fen diznevyèm syèk la ak kòmansman ventyèm syèk la, yo te toujou gen pwoblèm pou rete otonòm. Nan kèk ka ofisyèl lokal ak nasyonal yo te sible yo pou kontwole travay yo. Efò pou kontwole yo te vini sou fòm nouvo lwa ki mete nouvo limit sou salè, aksè pou jwenn tè, ak travay nan sèten endistri.

Epitou te gen konpetisyon ak nouvo imigran ewopeyen ki te atire ak posiblite pou jwenn nouvo opòtinite ki pa t disponib nan peyi yo. Esklav lib te reponn a nouvo limit yo te mete nan vi yo nan diferan fason. Nan kèk ka yo te al rete lwen ansyen mèt yo epi fòme nouvo kominote endepandan. Nan lòt ka yo te fòme nouvo enstitisyon sivik ak relijye ki te la pou ede yo rete otonòm. Nan tout ka, libète te vle di negosye nouvo kondisyon ki te ka bay yo plis aksè pou jwenn tè ak lajan yo te kwè ki te ka bay yo plis sekirite. Esklav lib yo te prepare pou fè nenpòt sa ki nesèsè pou asire yo libète yo toujou rete enpòtan.

Men, eritaj esklavaj ak emansipasyon nan Lamerik pa t yon gwo mach laviktwa pou jwenn endepandans. Menm nan venteyinyèm syèk la, desandan esklav yo te rete pami gwoup yo plis mete akote nan sosyete Lamerik yo. Jodiya yo gen defi ki plis pase jere kontwòl sou travay yo. Kounye a defi a se negosye relasyon ant ras, plas, espas nan Lamerik nan yo moman siyifikasyon ak memwa esklavaj ap efase.

Langaj Enpòtan

Bann Anba Chenn: Bann anba chenn sete gwoup prizonye yo te fòse travay nan aktivite tankou konstriksyon wout, fouye twou, oswa travay tè pandan yo anchennen ansanm. Kèk bann anba chenn te travay tou pre prizon, pandan gen nan yo ki te rete nan prizon mobil tankou machin pou chemen fè oswa kamyon. Bann anba chenn yo te minimize pri pou veye prizonye, men li te bay prizonye yo anpil pwoblèm sante ak kondisyon travay danjere.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/chain-gangs/>.

Lwe Prizonye: Okòmansman, kèk eta te peye konpayi prive pou loje ak bay prizonye yo manje. Apre detwa ane eta yo rann kont yo ka lwe prizonye yo bay pwopriyetè oswa endistriyalis lokal ki t ap peye yon ti kras kòb pou travayè yo - ki t ap elimine depans epi ogmante benefis. Nan yon ti tan, mache pou travayè prizonye a te devlope, kote komèsan achte ak vann prizonye pou travay. Kontrèman ak mèt esklav yo, patwon tanporè yo te gen yon ti kras lajan pou investi nan travayè prizonye yo epi yo pa t maltrete yo twòp. Menm si sa, sistèm lwe prizonye a te pote anpil benefis pou eta yo ak patwon yo.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/convict-leasing/>.

Jim Crow & Plessy Kont Ferguson: Pandan blan yo te gen kontwòl eta gouvènman eta Sid yo lè Rekonstriksyon te fini, yo te kòmanse pase lwa jeneralman yo rele Jim Crow, ki te oprime nwa yo pandan segregasyon an. Menm si Lwa Dwa Sivil 1875 la te di tout ras te gen dwa pou trete yo egal ego nan piblik, an 1883 desizyon Kou Siprèm nan te klarifye lwa sa pa t pou endividi oswa biznis prive. Lè Kou Siprèm nan te deside "Separe men Egal" te legal an 1896 *Plessy Kont Ferguson* nan, segregasyon te vin pi fò toujou nan lwa Sid yo epi li te bay Jim Crow plis fòs toujou. Taks pou vote, egzijans pou konn li, ak kontra ki te siyen ak granpapa yo te anpeche nwa yo vote.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/jim-crow/>.

Jijman ak Kontra: Nan tribinal nan Sid yo, yo te devlope de metòd legal pou foure gason yo nan travay fòse. Nan pifò ka, yo te twouve defandè yo koupab vrè krim oswa krim yo pa t menm fè, epi yo te bay yo yon amann ak frè tribinal an plis pou peye. Lè mesye sa yo pa t ka peye, yon komèsan

lokal t ap vini li peye l. Kounye a defandè a t ap siyen yon kontra ki di li dakò pou travay san touche jiskaske li fin peye dèt la. Yon dezyèm metòd se yon defandè ki gen anpil chans pou yo kondane li epi kapab al travay nan yon kan byen lwen pou travay. Li “konfese jijman” epi di li responsab avan menm jije li. Lè sa a, yon komèsan lokal t ap pase devan pou aji kòm “asirans,” epi di defandè a ap aji byen pi devan, epi peye pou krim nan. Lè sa a, jij la t ap aksepte asirans la sa li pa menm pran yon desizyon sou krim nan. Kounye a defandè a t ap siyen yon kontra kote li dakò pou travay san touche jiskaske li fin peyi pou asirans la.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/false-contracts/>.

Lavi Nan Min Chabon: Min chabon yo te danjere pou tout travayè yo. Min yo konn kraze, moun yo toufe, pwazon gaz, eksplozyon, ak aksidan gwo machin konn danje ki rive chak jou. Souvan mesye yo konn kanpe sou dlo, ap balanse gwo pik ki byen file epi fouye chabon ak yon ti kras limyè ki nan lanp gaz yo. Pou moun ki pa t mouri nan sityasyon danjere sa yo, tout tan yo te pase nan move lè te bay yo maladi nan poumon tankou poumon nwa. Pou travayè prizonye yo, kondisyon yo te pi mal toujou. Ti kras manje, ti kote pou dòmi ak mank swen sante te fè yo chaje ak maladi. Yo te konn bat yo si yo pa t kolekte kantite chabon yo sipoze a oswa bay yo kout fwèt, mare yo epi fèmen yo, oswa maltrete yo ak dlo. Yo konn mare yo anba chenn tou pou evite yo sove.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/coal-mining/>.

Peyonaj (Esklavaj Pou Dèt): Peyonaj, ki rele souvan esklavaj pou dèt oswa sèvis pou dèt, se yon sistèm kote yon patwon fòse yon travayè pou peye yon dèt ak travay. Legalman, yo te entèdi peyonaj apre Gè Sivil la. Men, gouvènman federal la pa t vrèman pran angajman pou mete sa ann aplikasyon jiska ane 1940 yo. Apre Rekonstriksyon an, anpil gason nwa nan Sid te tonbe nan peyonaj ak diferan metòd.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/peonage/>.

Kòd Nwa, Lwa Kochon ak Lwa Vagabondaj: Nan plizyè eta ak plizyè konte, apre fen Rekonstriksyon an, nouvo lwa te sible Ameriken Nwa yo - epi trete nwa yo tankou kriminèl nan yon efò pou rebay blan nan Sid yo pouvwa. Lwa kochon yo te ogmante penalite pou sa ki te konsidere

anvan sa kòm ti ofans, pou li te ka yon gwo ofans. Nan Mississippi pa egzanp, yon moun ki vòlè yon kochon ki vo yon dola te ka pase senk ane nan prizon. Ak lwa vagabondaj la, ou te ka kondane a nenpòt moman si w pa t ka montre w ap travay.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/black-codes/>.

Rekonstriksyon: Nan ane touswit pare Gè Sivil la, ant 1865-1877, Sid la te antre nan yon peryòd ki rele Rekonstriksyon. Pandan moman sa a, Biwo Moun Lib yo te kreye pou ofri ansyen esklav yo manje, rad, ak konsèy sou kontra travay epi yo te pase Trèzyèm, Katòzyèm, ak Kenzyèm amandman yo pou eseye bay nwa yo egalite. Okòmansman, ak lwa federal ak sòlda federal ki te ofri pwoteksyon, nwa yo te kòmanse vote ak genyen pouvwa politik. Touswit apre, blan nan Sid yo te reyaji ak vyolans ak kraponnay. An 1877, paske li te koute chè, te gen koripsyon nan administrasyon an, yo te epwize ak pati Nò epi te gen manifestasyon nan Sid, gouvènman federal la te retire kò li nan Sid, epi yo te kòmanse maltrete nwa yo tou swit apre.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/reconstruction/>.

Meteyaj: Meteyaj se yon sistèm kote pwopriyetè a kite kiltivatè a travay nan tè li pou yon pati nan rekòt la. Sa te ankouraje kiltivatè yo travay pou pwodwi pi gwo rekòt yo te kapab pou yo te ka toujou rete ap travay nan tè a epi pa bezwen al chèche lòt opòtinite. Souvan gwo to enterè, rekòt yo pa t ka kontwòle, ak pwopriyetè ak machann magouyè te konn mete fanmi kiltivatè yo anba gwo dèt, epi yo te vin dwe dèt yo gen pou peye jiska lòt ane ki vini apre yo. Te gen plis lwa ki te rann li difisil oswa menm ilegal pou moun k ap fè meteyaj yo vann pwodwi yo bay lòt moun apre pwopriyetè yo, oswa evite yo al viv yon lòt kote si yo te dwe pwopriyetè yo.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/sharecropping/>.

Teddy Roosevelt ak Pwogresivis: Avan diznevnyèm syèk la te fini, yon nouvo mouvman politik yo rele Pwogresivis, Teddy Roosevelt te yon gwo sipòtè, te devlope pou reponn a gwo inegalite ekonomik, sosyal, ak politik. Pwogresiv yo te plede pou diferan refòm tankou refòm travay ak prizon, dwa pou fanm vote, inisyativ sante piblik, ak edikasyon inivèsèl; ide santral yo te pataje a se gouvènman an dwe dirije efò pou fè chanjman.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/progressivism/>.

Sipremasi Blan ak Teworis: Sipremasi Blan se kwayans blan yo siperyè a lòt ras yo. Apre Rekonstriksyon, sipremasi blan yo te fòme gwoup politik ak sosyal pou ede blan ak oprime nwa yo, ak pou pase lwa ki te reprezante inegalite. Ku Klux Klan (ki te fonde an 1865) ak Knights of the White Camelia te gwoup an kachèt, pandan yo te konnen manm White League ak Red Shirts yo piblikman. Tout kat gwoup sa yo te itilize vyolans pou kraponnen elektè nwa ak Repibliken yo. Yo te reyisi, epi ak fen Rekonstriksyon an 1877, sipremasi blan te vin yon reyalyte nan Sid la.

Pou aprann plis sou sijè sa a epi gade yon videyo sou li, vizite:

<http://www.pbs.org/tpt/slavery-by-another-name/themes/white-supremacy/>.

KREDI

Kredi Pou Fim Nan

Pwodiktè ak Direktè Sam Pollard

Pwodiktè Egzekitif: Catherine Allan

Ko-Pwodiktè Egzekitif: Douglas A. Blackmon

Ekri pa Sheila Curran Bernard

Redije pa Jason Pollard

Mizik pa Konpozè Michael Bacon

Rakonte pa Laurence Fishburne

Kredi Pou Gid Pwojeksyon Kominotè a

Moun ki Pwodwi Gid la: Felicia Pride ak Allissa Richardson nan 2MPower Media

Kontribitè: Alicia L. Moore; Molly Deshaies

Remèsiman Espesyal: Birmingham Civil Rights Institute

Slavery in the Americas ekri pa Dwayne E. Williams

Slavery in Haiti ekri pa Johnhenry Gonzalez & Laurent Marc Dubois

tpt National Productions, yon divizyon Twin Cities Public Television (**tpt**), afilye PBS pou Minneapolis–St. Paul, fè pati premye pwodiktè kontni pou sistèm televizyon piblik la. An plis preparasyon seri, dokimantè ak espesyal ki resevwa anpil pri, **tpt** National Productions ogmante piblik ak enpak li ak sitwèb inovativ, pwogram sansibilizasyon edikatif ak inisyativ pou angaje nan kominote yo. **tpt** productions gen gayan Emmy tankou *Benjamin Franklin* ak *The Forgetting: A Portrait of Alzheimer's*; Gayan Peabody *Depression: Out of the Shadows* ak *Hoop Dreams*; ak Nominasyon pou Pri Writer's Guild *Alexander Hamilton* ak *Dolley Madison*.

Nou te jwenn kontribisyon prensipal pou *Yon Lòt Non Pou Esklavaj* nan National Endowment for the Humanities, W.K. Kellogg Foundation, The Coca-Cola Company ak CPB/PBS Diversity and Innovation Fund. Ak plis finansman nan men Georgia-Pacific, KeyBank Foundation ak Merck; ansanm ak General Mills Foundation; Manm Omicron Boulé nan Fratènite Sigma Pi Phi, Minneapolis; ak Frances Wilkinson.

© 2012 Twin Cities Public Television, Inc.